

Lis Verifikasyon pou Aplikasyon pou Asistans Finansye Pwopriyetè Kay

Depatman Devlopman Katye

The Boston Home Center (Sant Akèy Boston an)

Mèsi pou enterè ou genyen nan Boston Home Center. W ap jwenn yon lis dokiman ou dwe mete avèk aplikasyon w nan anba la a. Tanpri, asire w ou mete tout dokiman obligatwa ki listè yo.

Lè aplikasyon w nan konplè ak tout dokiman ki anba la yo, tanpri poste yo bay:

**The Boston Home Center
Attn: Homeowner Assistance Programs
26 Central Ave
Hyde Park, MA 02136**

Kou nou resevwa pake sa a, n ap voye yon notifikasyon alekri ba ou sou estati aplikasyon w nan.

DOKIMAN OBLIGATWA POU TOUT KANDIDA:

1. Aplikasyon pou Pwogram nan ki ranpli epi siyen. Ou dwe mete tout pwopriyetè yo nan aplikasyon an.
2. Dokiman Deskripsyon Pwogram nan ki ranpli epi siyen
3. Kopi Ak ki Anrejistre a (yo rele tou yon “Ak Renonsiyasyon”, “Ak Garanti”, oswa “Sètifika Tit”). Ou ka jwenn yon kopi nan Edward Brooke Courthouse - Registry of Deeds, 24 New Chardon Street, Boston oswa ale sou www.suffolkdeeds.com
4. Si li nesesè, yon Ak Desè orijinal pou tout moun mouri ki liste sou ak anrejistre a (si l pa anrejistre nan Rejis Ak Suffolk la). Ou ka jwenn yon Ak Desè nan Rejis Nesans, Desè ak Maryaj, City Hall, Room 213, Boston, MA, 02201
5. Kopi Polis Asirans Aktyèl Pwopriyetè Kay la. Si kay la nan yon zòn detèmine plan inondasyon an, dokimantasyon pwoteksyon an obligatwa.
6. Kopi Deklarasyon Revni Federal ki siyen ki pi resan an ki gen ladan l Fòm W-2 yo ak tout Anèks yo. (Fòm IRS 1040, 1040A oswa 1040EZ) pou tout pwopriyetè yo. Si w ap travay ak tèt ou, bay yon Eta Pwofi ak Pèt sou yon lane ou menm ak kontab ou siyen avèk kopi Deklarasyon Revni Federal de dènye ane yo.

7. Yon fòmilè W-9 ki ranpli epi siyen, disponib nan:
<https://www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw9.pdf>
8. De (2) souch chèk aktyèl pou tout moun nan fwaye a ki gen 18 lane oswa plis ak/oswa prè revni ki soti nan tout lòt sous tankou Lèt Atribisyon Sekirite Sosyal, Konpansasyon pou Chomaj, Pansyon, eksetera.*
9. Relve Ipotèk aktyèl pou tout prè sou pwopriyete ki gen ladan yo tout prè patisipatif oswa prè reyabilitasyon. Mete yon lèt pou eksplike itilizasyon prè patisipatif la.
10. Kopi relve kont epay, kont chèk ak lòt kont ki pi resan yo ki soti nan tout enstitisyon depozitè yo (tankou 401K yo, aksyon yo, obligasyon yo, kooperativ kredi yo, eksetera) pou tout pwopriyete yo
11. Kopi fakti Boston Water & Sewer ki pi resan an. Si gen balans ou dwe ou poko peye pou Boston Water & Sewer, w ap oblije siyen yon Kontra Peman epi anekse yon kopi. Pou kontakte Boston Water & Sewer, rele (617) 989-7070.

**Pou tout moun ki gen plis pase 18 lane. Si moun nan/yo pap travay, kopi relve nòt lekòl oswa eksplikasyon sikonstans yo epi lap/yap gen pou bay yon Atestasyon ki di Pa gen Revni.*

Nou ka mande yon kandida enfòmasyon finansye adisyonèl. Ou dwe bay Vil Boston an tout enfòmasyon nesesè yo.

Nòt: Ekri tout enfòmasyon adisyonèl ou panse nou ta dwe konnen pou nou trete aplikasyon w nan.

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)
Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)

Tanpri tcheke ti kare akote pwogram espesifik w ap aplike pou li a:

- ☐ HomeWorks HELP
- ☐ Senior Home Repair
- ☐ Lead Safe Boston
- ☐ Pwogram ADU

I. Enfòmasyon sou Aplikan an

Aplikan an: _____
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

Nimewo Sekirite Sosyal: _____ - _____ - _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Telefòn: _____
Kay Selilè Travay

Sitwayen Ameriken?

☐ Wi

☐ Non

Rezidan?

☐ Wi

☐ Non

Ko-Aplikan an: _____
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

Nimewo Sekirite Sosyal: _____ - _____ - _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Phone: _____
Kay Selilè Travay

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)
Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)

Sitwayen Ameriken?

☐ Wi

☐ Non

Rezidan?

☐ Wi

☐ Non

II. Enfòmasyon sou Revni Fwaye

Bay lis tout moun k ap viv nan pwopriyete a. Ou dwe bay revni pou tout moun nan kay la ki genyen plis pase 18 lane.

Non Moun nan Kay la	Dat de Nesans	Relasyon avèk Aplikan an	Revni Anyèl Anvan Taks**
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____

Kantite total moun ki nan kay la: _____

*** Sous revni yo genyen salè, lè sipleman, bonis, komisyon, prestasyon sekirite sosyal/retrèt, alokasyon chomaj, revni dividand/enterè, prestasyon sosyal, pansyon alimantè/pansyon alimantè pou timoun ak tout lòt revni.*

Èske aplikan an te resevwa asistans finansyè nan men Depatman Devlopman Katye Vil Boston an nan lecase?

☐ Wi

☐ No

Si wi, ki dat ou te resevwa asistans finansyè a?

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

Kisa objektif asistans finansyè a te ye? _____

Ki adrès pwopriyete kote ou te resevwa asistans finansyè a?

III. Enfòmasyon sou Byen

Valè tout lòt imèb ou posede (ki pa kay prensipal la): \$_____

Total kòb nan kont kouran ak epay: \$_____

Èske ou vann nenpòt byen nan de (2) dènye ane yo pi ba pase jis pri mache a?

☐ Wi

☐ Non

IV. Enfòmasyon sou Pwopriyete

Tanpri tcheke kalite pwopriyete a:

☐ Kay pou 1 Fanmi

☐ Kay pou 2 Fanmi

☐ Kay pou 3 Fanmi

☐ Kay pou 4 Fanmi

☐ Kondominyòm

Tanpri bay detay sou reparasyon andedan ak deyò ki nesèsè yo:

Enfòmasyon sou Lojman an Lokasyon (ranpli li sèlman si sa aplikab):

Nimewo Lojman ki nan Lokasyon an	Vid? (Wi/Non)	Kantite Chanm	Non Lokatè	Lwaye Mansyèl
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

Èske pwopriyete a bezwen travay pou yo retire plon?

☐ Wi

☐ Non

Si "Wi", èske yon timoun pi piti pase 6 lane ap viv oswa pral viv nan pwopriyete a?

☐ Wi

☐ Non

Si "Non", èske yon timoun pi piti pase 6 lane vini nan pwopriyete a sou yon baz regilyè?

☐ Wi

☐ Non

Si "Wi", konbyen èdtan pa semèn timoun lan pase/pral pase nan pwopriyete a?

V. Enfòmasyon pou Maketing Afimatif

Tanpri ranpli seksyon sa a pou ede nou konplete egzijans maketing pozitif nou yo. Repons ou pa obligatwa e li pap afekte aplikasyon w nan.

Ras/Gwoup Etnik moun ki nan kay ou a (tcheke tout sa ki aplikab):

☐ Endyen Ameriken/Natif

Natal Alaska

☐ Azyatik

☐ Nwa oswa Afwo-Ameriken

☐ Natifnatal Awayi oswa lòt

Moun Zile Pasifik

☐ Blan

☐ Ispanik oswa Latino

☐ Lòt:

Èske Aplikan an genyen yon andikap?

☐ Wi

☐ Non

Èske Aplikan an genyen plis pase 62 lane?

☐ Wi

☐ Non

Èske Aplikan an se yon Chèf Fwaye Fanm?

☐ Wi

☐ Non

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)
Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)

VI. Siyen epi Mete Dat la

Mwen deklare sou pèn fo sèman enfòmasyon annapre yo egzak, presi, konplè epi fidèl nan tout sans. Mwen otorize, atravè dokiman sa a, pou Vil Boston verifye defason endepandan enfòmasyon ki bay la yo. Mwen sètifye mwen li Divilgasyon Pwogram lan epi mwen dakò avèk Tèm ak Kondisyon pwogram sa a. Mwen konprann ke selon Lwa Fo Deklarasyon (False Claims Act), 31 U.S.C. §§3279-3733 la, moun ki konnen yo soumèt ak tout konsyans yo, oswa yo lakòz lòt moun oswa antite soumèt fo reklamasyon pou peman ki soti nan fon gouvènman, moun sa yo responsab pou twa fwa lavalè domaj gouvènman an plis sanksyon sivil pou chak fo reklamasyon.

Aplikan an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Siyati Aplikan an

Dat

Ko-Aplikan (ekri non an ak gwo lèt detache)

Siyati Ko-Aplikan an

Dat

- ☐ *Lè mwen tcheke ti kare sa a, mwen konnen lè mwen tape non mwen, li ranplase ofisyèlman siyati m sou dokiman sa a.*

Dokiman Deskripsyon Pwogram pou Boston San Danje Plon Depatman Devlopman Katye – Boston Home Center (Sant Akèy Boston)

Divizyon Boston Home Center (Sant Akèy Boston) Depatman Devlopman Katye (DND) Vil Boston an, atravè Pwogram Boston San Danje Plon (Lead Safe Boston, LSB) li a, se yon resous pou pwopriyetè, pwopriyetè-okipan ak investisè ki kalifye yo, pou yo retire plon nan pwopriyete rezidansyèl youn jiska kat yo epi diminye risk anpwazònman nan penti ki fèt avèk plon pou timoun yo. Avèk lajan ki soti nan Biwo Depatman Ameriken Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Kay Ansante ak Kontwòl Danje Plon an (Healthy Homes and Lead Hazard Control), pwogram Boston San Danje Plon an bay yon apwòch konplè pou asiste nan eliminasyon sekirize, legal danje plon ki idantifye yo.

Pou kalifye pou yon sibvansyon/prè kondisyonèl pou jiska \$10,000 pou chak inite pou retire plon, kandida yo konprann, aksepte epi pral sètifye Kondisyon Jeneral Pwogram Boston San Danje Plon sa yo, jan HUD mande sa.

ELIJIBILITE POU PWOGRAM NAN

Pwopriyetè kay Boston yo oswa investisè pwopriyetè youn jiska kat inite ki konstwi anvan 1978, kote yon timoun ki poko gen sis lane abite oswa pase anpil tan, ka aplike. Direktiv sou revni maksimòm yo liste anba la a. Investisè yo kalifye si apatman an vid oswa revni fwaye lokatè a fèb jiska mwayen oswa selon Seksyon 8. Dwe gen priorite pou fanmi ki gen jenn timoun lè wap lwe apatman yo fèk retire plon ladan yo epi pwopriyetè a dwe kenbe lwaye yo bon mache pandan twa lane pou pi piti.

80% MHI pou Pwopriyetè-Okipan ak/oswa Lokatè

Fwaye ki gen 1 moun	\$67,400	Fwaye ki gen 4 moun	\$96,250
Fwaye ki gen 2 moun	\$77,000	Fwaye ki gen 5 moun	\$103,950
Fwaye ki gen 3 moun	\$86,500	Fwaye ki gen 6 moun	\$111,450

LIMIT LWAYE BON MACHE

Pandan yon peryòd twa lane pou pi piti apati dat ipotèk ka, lwaye mansyèl pou inite yo retire plon ladan yo dwe nan pri sa yo oswa pi ba:

2-CHANM AKOUCHE	\$1,440 jiska \$2,231
3-CHANM AKOUCHE	\$1,663 jiska \$2,691
4-CHANM AKOUCHE	\$1,855 jiska \$3,001

Adrès Rediksyon (Investisè-pwopriyetè sèlman): _____

Ranpli seksyon sa a si yon timoun ki poko gen sis (6) lane pap viv avè w men pase anpil tan nan inite yo dwe retire plon ladan l la:

Non timoun nan / relasyon avè w: _____

Dat li Fèt: _____

Dokiman Deskripsyon Pwogram – Boston San Danje Plon – 2

Frekans ak dire vizit yo: _____

Èske yo te detèmine ou te gen yon penti ki fèt ak plon epi/oswa yo te fè yon enspeksyon pou penti ki fèt ak plon pou ou?

___Wi___Non

Si wi, bay dat enspeksyon an, non enspektè a ak # inite a:

Èske ou gen yon timoun ki gen yon nivo plon elve nan san l nan pwopriyete sa a?

___Wi___Non Si wi, ki inite? _____

Pou pwopriyete ki gen plizyè fanmi yo, tanpri ranpli “Kesyonè pou Lokatè” ki anekse pou chak inite ki lwe nan pwopriyete a.

KONDISYON JENERAL

Lè yo siyen Dokiman Deskripsyon Pwogram (PD) sa a, Kandida yo deklare sa ki annapre yo vre, rezonab epi yo afime:

1. Ke aktyèlman yo se sèl pwopriyetè pwopriyete ki dwe reyabilite a.
2. Ke yo pa dwe okenn taks sou pwopriyete imobilye oswa frè pou sèvis apwovizyonman dlo ak eliminasyon dlo ki sèvi yo sou okenn pwopriyete Kandida yo genyen nan Vil Boston an epi yo konprann pa gen peman kap fèt nan kad Pwogram sa a si peman taks yo pa ajou oswa pa gen yon kontra ekri pou peman ki siyen ak Biwo Kolektè-Trezorye a.
3. Ke ni yo, ni moun yo fè biznis avè yo, ni manm fanmi imedya moun ki siyen dokiman sa a pa aktyèlman ni nan 12 mwa ki sot pase yo, yon anplwaye, ajan, konsiltan, responsab oswa fonksyonè yo vote oswa nonmen nan Depatman Devlopman Katye Vil Boston an. Pou PD sa a “manm fanmi imedya” gen ladan yo paran, madanm oswa mari, frè oswa sè oswa pitit, kèlkeswa rezidans yo.
4. Ke yo pat rekonèt yo koupab pou ensandi kriminel nan yon tribinal penal oswa pou asèlman lokatè nan Tribinal Lojman an epi yo pa yon defandè nan yon plent penal nan Tribinal Lojman an.
5. Ke yo pat rekonèt yo koupab pou vyolasyon Lwa sou Lojman Desan yo, yo pa yon Defandè aktyèlman nan yon aksyon konsa epi yo pa nan medyasyon aktyèlman avèk Komisyon Lojman Desan ak Ekite Boston, ni Komisyon Kont Diskriminasyon Massachusetts la.
6. Ke aktyèlman yo pa nan okenn pwosedi nan yon ka fayit epi ke si yo te yon pati nan yon pwosedi fayit nan yon tan pase, pwosedi sa a te fèmen oswa anile atravè yon òdonans Tribinal Fayit la epi tout peryòd pou fè apèl ki aplikab la te ekspire.
7. Ke yo chwazi fè retire penti ki fèt ak plon ke yo idantifye selon pwòp inisyativ yo epi yo pat ankouraje rekèt patisipasyon yo yon lòt fason nan Pwogram LSB a.

Dokiman Deskripsyon Pwogram – Boston San Danje Plon – 3

8. Ke yo aksepte respekte Règleman HUD apwopriye yo ki gen rapò ak règleman kòd anpwazònman nan penti ki fèt ak plon 24 CFR 35; Règleman Massachusetts ki gen rapò ak Prevansyon ak Kontwòl Anpwazònman nan Plon 105 CMR 460.000, Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 111 ak Règleman Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (EPA) ameriken an sou Renovasyon, Reparasyon ak Penti.
9. Ke si yo resevwa yon sibvansyon/prè nan men Pwogram nan, asistans finansye yo resevwa a ap sou rezèv reyalizasyon kondisyon, lap sekirize nan yon Ipotèk epi yon Biyè Peyab ki nonmen Vil la kòm Benefisyè ansanm avèk dokiman ki annapre la yo kap siyen nan Siyati LSB la: Kondisyon Jeneral (T&C), Kontra Lwaye (si li aplikab) ak Kontra Pwopriyetè-Antreprenè yo rele tou “Kontra a”.
10. Ke yo oblije kontinye posede epi fè antretyen Pwopriyete a, jan sa defini pi ba la a, pandan peryòd twa (3) lane apati dat Ipotèk la ak Biyè a epi yo dwe respekte tout lòt egzijans T&C ki nan dokiman sa a pandan menm peryòd twa (3) lane a. Pandan peryòd twa lane sa a, Kandida yo paka transfòme pwopriyete a tou pou yo fè l tounen kondominyòm oswa pwopriyete kowoperativ, yap oblije kenbe lwaye yo nan yon nivo abòdab selon yon Kontra Lwaye, lè yo fin retire plon an nan moman renouvèlman apatman an, lwe inite abitasyon sa yo bay fanmi ki elijib selon revni yo ki gen timoun ki poko gen sis lane. Lè kondisyon ki anlè la yo satisfè, montan sibvansyon kondisyonèl yo dwe selon Biyè a ap anile epi Ipotèk la ap libere. Sinon, ranbousman an ap fèt okonplè selon sa ki te detèmine nan kondisyon Biyè a. Montan prè ak peman difere konsidyonèl yo ap peyab nan moman lavant, refinansman oswa transfè pwopriyete a atravè Biyè a.
11. Ke yo konprann ke Vil la pap konsidere sibòdone Ipotèk li a, sèlman selon de kondisyon: (1) pou pèmèt Kandida yo diminye to enterè yon ipotèk oswa (2) pou pèmèt Kandida yo jwenn yon prè pou amelyore kay yo epi ke demann sibòdinasyon sa a ap konsidere sèlman lè dèt total la, ki gen ladan l montan prensipal Biyè Vil la, pa depase katreven senk pousan (85%) valè ekspètiz pwopriyete a nan moman demann nan epi ke nan kèlkeswa sikonstans yo, Vil la pap konsidere sibòdinasyon pou konsolidasyon dèt kat kredi oswa ankesman.
12. Ke yo rekonèt responsabilite ak obligasyon pou yo garanti epi jwenn yon lòt finansman pou fè yon rediksyon penti ki fèt ak plon se pou Kandida yo sèlman yo ye epi Vil la pat fè okenn deklarasyon oswa egzaminasyon sou finansman aktivite sa yo.
13. Ke yo rekonèt Vil la bezwen prè gen ase lajan ki disponib pou finance pati Kandida a nan rediksyon plon an kòm yon kondisyon ki dwe respekte anvan Vil la angaje nan sibvansyon ak/oswa prè ak peman difere kondisyonèl la.
14. Ke yo konnen Pwogram LSB a ka bay yon sibvansyon/prè kondisyonèl ki depannde akonplisman kèk obligasyon okipasyon/demenajman pwopriyetè/lokatè a, pou finance travay rediksyon penti ki fèt ak plon ki elijib yo rele “Travay yo” kounye a.
15. Ke yo rekonèt yo ka resevwa yon sibvansyon kondisyonèl ak/oswa yon prè ak peman difere pou reyalize Travay DND oswa Ajan l apwouve yo.

Dokiman Deskripsyon Pwogram – Boston San Danje Plon – 4

16. Ke sibvansyon/prè yo a dwe garanti atravè yon Biyè Peyab ak yon Ipotèk epi ke Ipotèk la ap yon privilèj sou Pwopriyete a epi sibvansyon/prè a ka anile nèt si gen vyolasyon youn nan dispozisyon dokiman sa yo.
17. Ke yo dakò ke Vil la ap fè peman pou Travay yo sèlman apre DND oswa Ajan I fè enspeksyon Travay yo epi aksepe yo.
18. Ke yo rekonèt ke Vil la ap otirize peman final la sèlman apre DND oswa Ajan I soumèt pèmi konstriksyon apwopriye yo, dokimantasyon enspektè plon an ak apwobasyon travay ki fèt la. Malgre pwosedi sa a, si Kandida a depoze yon objeksyon alekri oswa aloral pou peman final bay Antreprenè a bòkote Divizyon Boston Home Center (Sant Akèy Boston) DND a oswa Ajan I nan limit sèt (7) jou apre enspeksyon final ISD ak/oswa DND fè epi apwobasyon yo bay poutèt enkyetid sou kalite Travay yo, DND ap pran yon enspektè endepandan pou detèmine si Travay kòrèk. Konklizyon enspektè endepandan an ap final epi lap detèmine si Vil la ap libere peman final pou Travay yo.
19. Ke yo konprann ke yo konsidere reparasyon/renovasyon ki elijib yo vle di sèlman TRAVAY REDIKSYON PLON an nan Kontra a.
20. Ke tout angajman Vil la pou aksepte Kandida yo nan Pwogram LSB a pa dwe sèvi referans kòm yon atou pou garanti yon finansman alavni nan men enstitisyon kap bay prè a.
21. Ke atravè dokiman sa a, yo akòde Vil la oswa Ajan li a yon otorizasyon pou antre sou pwopriyete yo dwe retire plon ladan l la, pandan randevou ki planifye yo, nan objektif pou enspekte epi verifye rediksyon penti ki gen plon an ap/te fèt.
22. Ke yo konprann epi aksepte tout enspeksyon pwopriyete yo dwe reyabilite a ap fèt sèlman nan objektif limite pou asire reparasyon ki dwe fèt yo elijib vre, epi, apre reyalizasyon Travay yo, ke yo te vreman fèt yon fason satisfèzan. Ke yo deklare selon konesans yo ke pwopriyete a aktyèlman konfòm ak kòd sou konstriksyon ak kòd sanità ki aplikab nan Vil Boston an. Ke yo rekonèt ke Vil la pa deklare pwopriyete a konfòm ak lwa, òdonans, règ ak règleman aplikab otorite gouvènmantral yo epi ke sa rete responsabilite pa yo pou yo korije tout vyolasyon lwa, òdonans, règ ak règleman sa yo.
23. Ke yo konprann ke preparasyon espesifikasyon sa yo ke yo rele tou rapò Deskripsyon Travay yo (WWU) se sèlman pou bay yon estimasyon pri konparatif reparasyon ki pou fèt yo epi pou kategorize travay ki elijib pou ranbousman epi ke espesifikasyon yo pa yon rapò enspeksyon.
24. Ke si nan limit swasant (60) jou apati enskripsyon nan Pwogram LSB la yo pa soumèt dokiman ki nesesè pou DND a bay yon Lèt Angajman, Aplikasyon yo a ka kanpe, epi ke si nan limit san ven (120) jou apati resepsyon yon Lèt Angajman, yo pa ranpli chan aplikasyon travay yo ki nan estimasyon antreprenè a, angajman yo a ka anile.
25. Ke yo te bay prè ke yo te jwenn epi yap kenbe asirans pwopriyete a pou garanti ranplasman konplè valè pwopriyete ki pou reyabilite a; epi yo dwe pote prè ke yo te achte sa a nan Siyati a ki endike nan Paragraf 9 dokiman sa a.
26. Ke yo aksepte yo mete yon ansèy ki endike DND ap reyabilite pwopriyete a epi ansèy sa a ap rete pandan dire peryòd konstriksyon an epi pandan trant (30) jou annapre.

Dokiman Deskripsyon Pwogram – Boston San Danje Plon – 5

27. Ke yo dakò pale ak laprès epi patisipe nan yon evènman laprès ak/oswa lòt piblisite ki gen rapò ak reyabilitasyon pwopriyete a.
28. Ke yo dwe respekte direktiv ak règleman ki konsène kay ak distri ki liste nan Rejis Nasyonal Anplasman Istorik yo oswa Komisyon Istorik Eta a oswa Komisyon Anblèm Vil Boston an detèmine kòm yon Land Mark District (Distri Anblematik).
29. Ke anvan yo angaje ak yon Antreprenè pou reyalize rediksyon penti ki fèt ak plon nan pwopriyete a; yo ta dwe bay yon minimòm de (2) kotasyon ekri pou Travay ki dwe fèt yo.
30. Ke Kontra pou reparasyon/renovasyon yo pa ta dwe separe ant plizyè Antreprenè san konsantman ekri davans DND.
31. Ke yap angaje yon Antreprenè sèlman si li gen yon lisans Antreprenè ki Retire Plon (DC) Depatman Travay ak Mendèv Kòmounwèl Massachusetts\Divizyon Sekirite Travay (DOS) ak yon Sètifika EPA pou Travay nan Plon sou pwojè retire plon ki gen gwo risk jiska mwayen risk.
32. Ke yap angaje yon Antreprenè sèlman si li gen asirans Responsabilite Jeneral Komèsyal ki gen limit minimòm pou domaj kòporèl \$100,000 pou chak moun epi \$300,000 pou chak aksidan epi \$300,000 total.
33. Ke yap enfòme Antreprenè a sou patisipasyon yo nan Pwogram LSB a epi yap espesifikman enfòme Antreprenè a ke dekesman kap soti nan sibvansyon/prè kondisyonèl la pap fèt toutotan Vil la oswa Ajan li pa analize epi apwouve Travay yo.
34. Ke yo byen konnen ke objektif Pwogram LSB a se:
 - a. Pèmèt libète chwa nan pasasyon mache a ant Kandida yo ak Antreprenè a;
 - b. Limite wòl Vil la nan tranzaksyon ant Kandida yo ak Antreprenè a;
 - c. Asire ke eliminasyon penti ki fèt ak plon an fèt yon fason sekirize epi pwofesyonèl.
 - d. Asire ke diferan kondisyon sous finansman yo respekte.
35. Ke yo rekonèt ke Pwogram LSB a se yon pwogram sibvansyon/prè kondisyonèl ak asistans teknik pou Kandida pou eliminasyon penti ki fèt ak plon ke yo te chwazi fè. Vil la pat ankouraje Kandida yo patisipe epi li pat fè okenn deklarasyon sou kondisyon pwopriyete a, ni kalite travay ki reyalize a oswa ki dwe reyalize ak finansman ki nesesè pou reyalize travay sa a, ni kapasite finansye Kandida yo pou yo reyalize reparasyon yo ni kapasite Antreprenè a. Vil la pa yon pati nan Kontra ant Kandida yo ak Antreprenè yo. Pwogram LSB a pa fèt pou, ni li pa, nan okenn fason, bay dwa sou lòt moun oswa antite, ki pa fè pati kontra T&C a oswa deklarasyon Dokiman Deskripsyon Pwogram nan.
36. Ke yo sètifye tout enfòmasyon ak deklarasyon yo bay nan dokiman sa yo oswa nan Aplikasyon yo a oswa nan tout lòt dokiman yo soumèt bay Vil la oswa Ajan li vre epi konplè epi ke tout fo deklarasyon sou nenpòt bagay ka antrene yon sipansyon oswa rezilyasyon nan Pwogram LSB a, selon sa Vil la detèmine poukont li.

37. Ke enfòmasyon sou revni fwaye konbine yo gen ladan yo tout moun ki abite nan yon inite fwaye Kandida yo oswa yon Lokatè okipe. Yo bay dat nesans, relasyon ak Chèf Fwaye a, sous revni an (yo) ak montan revni anyèl brit ki soti nan tout sous, ni revni ki ka takse, ni revni ki paka takse, ki gen ladan l men ki pa limite ak: revni, lè sipleman, distribisyon IRA, travay tan pasyèl, bonis, dividand, enterè, rant, pansyon, Konpansasyon Administrasyon Veteran (VA), revni brit lokasyon oswa afèmaj, komisyon, revni difere, prestasyon sosyal, prestasyon sekirite sosyal, prestasyon envalidite, pansyon alimantè, pansyon alimantè pou timoun, asistans piblik, endamnite maladi, endamnite chomaj ak revni ki soti nan fidisi, aktivite komèsyal ak envestisman.

38. Ke yo rekonèt ke si yo pa respekte youn nan obligasyon afimatif yo ki gen rapò ak:

- Dwa pwopriyete
- Taks sou byen imobilye ak peman pou sèvis apwovizyonman dlo ak eliminasyon dlo ki sèvi yo
- Peman Antreprenè yo
- Entèdiksyon kont transfòmasyon pou fè kondominyòm oswa kooperativ
- Règleman sou Lwaye

ap konstitiye yon ka defo selon Ipotèk la epi ke yap ka akselere Biyè Peyab yo te bay nan kad Pwogram sa a epi deklare l peyab touswit san lòt prezantasyon, notifikasyon oswa demann.

39. Ke si Kandida yo te fè yon fo deklarasyon enpòtan nan deklarasyon ki anlè la yo, sou Aplikasyon Boston Home Center (Sant Akèy Boston) Depatman Devlopman Katye a oswa aplikasyon pou prè pou “Retire Plon An” Ajans Lojman Massachusetts Finance (Massachusetts Finance Housing Agency) la oswa sou tout deklarasyon oswa dokiman ki gen rapò ak Pwogram Boston San Danje Plon an; oswa si Kandida yo pat bay yon enfòmasyon yo te mande, sa ap konsidere tankou yon ka defo epi Kandida yo ap oblije ranbouse Sibvansyon Kondisyonèl la ak/oswa Prè ak Peman Difere yo te bay la lè yo voye notifikasyon Demann nan.

Dokiman Deskripsyon Pwogram – Boston San Danje Plon – 7

Mwen/nou deklare enfòmasyon ki anlè la yo vre, ekzak, konplè epi kòrèk nan tout sans. Atravè dokiman sa a, mwen otorize Vil Boston an verifye enfòmasyon mwen bay la yo yon fason endepandan epi tou pou l fè ankèt sou dosye kredi m. Mwen sètifye ke mwen li Kondisyon Jeneral yo epi mwen aksepte Kondisyon Jeneral pwogram sa a.

Kandida (siyati)

Dat

Kandida (siyati)

Dat